EURASIAN JOURNAL OF ACADEMIC RESEARCH
Innovative Academy Research Support Center
UIF = 8.1 | SJIF = 5.685 www.in-academy.uz




# KÓP PREDIKATIVLI JAY GÁPLER MENEN QOSPA GÁPLERDIŃ BIR-BIRINE ÓTIW, RAWAJLANIW QUBILISLARI

**Ayımbetova Shiyrin Jabbar qızı**
Magistratura bólimi qaraqalpaq tili hám ádebiyatı qánigeligi 2-kurs magistrantı, Ájiniyaz atındaġı NMPI
https://www.doi.org/10.5281/zenodo.7813161

**ARTICLE INFO**

Received: 31th March 2023
Accepted: 09th April 2023
Online: 10th April 2023

**KEY WORDS**

*Grammatika, sintaksis, gàp, jay gàp, qospa gàp, qaraqalpaq tili*

**ABSTRACT**

*Til - adamlar arasında óz ara pikir alısıwdıń eń áhmiyetli quralı. Adamlardıń pikir alısıwı tek gápler arqalı ġana ámelge asadı. Sonlıqtan sintaksistiń tiykarġi birligi gáp bolıp esaplanadı. Gáp pikirdi adamlardıń sezimin basqalarġa jetkiziwde xizmet qılatuġın tiykarġi birlik. Bunnan tısqarı gáp-semantikalıq, intonaciyalıq pútinlikke iye bolġan, tamamlanġan bir pútin oydı bildiretuġin sintaksislik birlik bolıp esaplanadı. Gáp grammatikalıq dúzilisine qaray jay gáp hám qospa gáplerge bólinedi. Sonlıqtan, usı maqalanıń baslı maqseti grammatikalıq mánisine qaray jay gápler menen qospa gaplerdiń bir-birine ótiw hám rawajlanıw qubılısların izertlew bolıp tabıladı.*

Gáp-semantikalıq, intonaciyalıq pútinlikke iye bolġan, tamamlanġan bir pútin oydi bildiretuġin sintaksislik birlik bolıp esaplanadı. Gáptıń tiykarġi belgisi predikativlik, redikativlik gáptın grammatikalıq mánisi. Gáp ózine ılayıq grammatikalıq qurılısına hám gáplik intonaciyaġa iye boladı. Predikativlik-pikirdi bayanlaw, usi belgisi menen sózden, sóz dizbeginen ajiraladı [2, 26-29].

Predikativlik bet, máhál, modallıq, tastıyıqlaw hám biykarlaw mánileri jáne bul mánilerdi bildiriwshi qurallar jıyındısı arqalı belgili boladı. Hár bir gáp ózinshe qanday da bir tuyanaqlı pikirdi bildiredi.

Gáp grammatikalıq dúzilisine qaray jay gáp hám qospa gáplerge bólinedi. Jay gáptıń negizgi jasalatuġın materialı sóz hám sóz dizbekleri. Olar bir sózden de, bir neshe sózden de jasala beredi [3, 17-18].

Mısalı, Báhár. Kún jılıdı. Tereklerdiń japıraqları bórte basladı.

Qospa gápler-eki yamasa bir neshe jay gáplerdiń mánilik hám intonaciyalıq baylanısınan dúziletuġın sintaksislik birlik.

Qospa gáptiń quramına kirgen jay gápler óz aldına pikir tıyanaqlılıġına iye bolmaydı, olardaġı pikir tıyanaqlılıġı qospa gáp neshe jay gápten dúzilse de, sol gáptiń bir pútin baylanısı arqalı ańlatıladı.

Ġarrı biydiń ashshı dawısı hámmeni turġan jerinde qaldırdı: samal espedi, shópler qıymıldamadı, atlar oqıranbadı, tóbeden qus ushpadı, hátte birewdiń demi birewge esitilmedi.

Altı jay gápten quralgan qospa gáp. Bul gápler mánilik hám intonaciyalıq jaqtan baylanısıp ulıwmalıq bir máni bildirip kelgen.

Jay gáptiń sintaksisinde jay gáptiń (mánisi boyınsha) túrleri, sózlerdiń óz-ara grammatikalıq baylanısı nátiyjesinde payda bolatuǵın sóz dizbekleri hám gáplerdi quraw jolları, gáp aǵzaların úyrengen bolsaq al qospa gáptiń sintaksisinde jay gáplerdiń óz-ara baylanısın bir pútin máni bildiriw nátiyjesinde payda bolatuǵın qospa gápler haqqında sóz etiledi [1, 35-37].

Jay gápler de, qospa gápler de atqaratuǵın xizmeti jaǵınan birdey ekewi de bir pútin oydi bildiriw ushın, oy pikirdi basqaǵa jetkeriw ushın xizmet etedi.

Mıs:Gúrisiniń jaǵasın jaqsılap qımtadı da, qardı sıqırlatıp júrip ketti.

Maman otınshılardıń gápin tıńlay berejaq edi, olar alıslap ketti.

Birinshisi jay gáp, al ekinshisi qospa gáp.

Qospa gápler mánisi, grammatikalıq qurılısı, intonaciyası boyınsha (bir pútin ) bir-birine baylanısqan eki yamasa bir neshe gáplerden turadı. Yaǵnıy eki yamasa bir neshe jay gáplerdiń mánilik grammatikalıq hám intonaciyalıq baylanısıwınan dúzilgen gáplerdi qospa gáp deymiz.

Kóp predikativli jay gápler menen qospa gáplerdiń bir-birine òtiw hàm rawajlanıw qubılısları tómendegilerdi óz ishine aladı: [4, 92-95].

1. Qospa gáp hám jay gáp bir-birinen dúzilisine qaray ayrıladı. Jay gáp bir pedikativlik birlikten ibarat bolsa, al qospa gáp bir-biri menen tıǵız baylanıslı bolǵan bir neshe pedikativlik birlikten turadı.

2. Qospa gáptiń quramına kirgen hár bir jay gáptiń bir pùtin tamamlanǵan oydı bildiriwi sonıń menen birge bir jay gáp penen ekinshi jay gáp óz ara waqtı, keńislik, is-háreket orınlanıw xarakteri t.b. belgileri menen baylanısqan bolıwı kerek.

Mıs: Bir jerde kórgenge shıramıttım, bıraq ele esley almay turman. Bizler awilǵa kelgende, kún batqan edi.

3. Qospa gáptiń quramındaǵı jay gáplerdiń hár biriniń baslawıshı menen bayanlawıshı arasında predikativlik qatnas bolıwı kerek.

Mıs: Ótken jıldıń maysa shóbin pıshırlatıp bası keń jazıqta jeke torı atlı kiyatır. Qaqsaǵan qıs ótip, báhár ayı keldi.

Qospa gáptiń quramında iyesiz gáp bolsa bul talap qoyılmaydı. Mıs: Maydannan kirgenligim ǵoy, dáslep kórdim hesh nárse kórinbedi.

4. Qospa gáptiń quramındaǵı hár bir jay gáptiń intonaciyalıq jiyi bolıwı kerek. Mıs: Súmreń etip Sepkebay kirip keldi, biraq Dáwletbay áńgimesin toqtatqan joq.

Eger birinshi jay gáptegi adam atınıń ornına, Ol almasıp qoyılsa ol qospa gáp bolmaydı.

Sharwalar jazda jaylawǵa kóship ketedi, qısta awılǵa kóship keledi. Men balaǵa qarap edim, ol otqa bir nárseni kómip atir eken.

Qospa gáptiń quramındaǵi jay gápler mánilik qatnasta bolıwı kerek. Qospa gáp kiris gáp hám kiritpe gáplerden ajıratıladı. Bul bala, meniń buǵan isenimim zor, ótirik sóylemeydi. (kiris gáp). Men aytsam, bul jigit ótken jılı awılımizǵa kelgen praktikant ǵoy (bul qospa gáp emes ).

Men aytsam, siz jazıp alar edińiz (qospa gáp ).

Házirgi qaraqalpaq tilindegi jay gáplerdiń strukturası keńeytilmegen gápler hám keńeytilgen gápler bolıp, eki toparǵa bólinedi. Keńeytilmegen jay gáplerdiń strukturalıq

sxeması gáptıń bas aǵzasınıń qatnasınan dúziledi. Kcńeytilgen jay gáplerdiń quramına gáptıń ekinshi dárejeli aǵzalari, keńeytilgen aǵzalar (feyil toplamları), birgelkili aǵzalar, ayrımlanǵan aǵza, kiris hám qaratpa aǵzalar kiredi. Keńeytilgen jay gápler óz ishinde ádettegi keńeytilgen jay gápler (qospalanbaǵan jay gápler) hám qospalanǵan jay gápler bolıp jánede ekige bólınedi, òytkeni olar kòp predikativlik jay gàptiń qospa gàpke òtiwi menen baylanıslı. Ádettegi keńeytilgen jay gápler keńeytilmegen gáptıń quramına ekinshi dárejeli aǵzalar kirip keńeyedi.

Qospalanǵan jay gápler keńeytilmegen hám ádettegi keńeytilgen jay gáplerdiń quramına feyil toparları, birgelkili, ayrımlanǵan aǵzalar yamasa kiris hám qaratpa aǵzalardıń biri qatnasıp, qospalanıp keliwi arqalı dúziledi. Bul kategoriyalardıń qatnasındaǵı gáplerden qospalanbaǵan jay gáplerdey, bir pikir ańlatılıp qoymastan, gáptiń uluwmalıq mazmunı yáki onıń bir aǵzasına qatnaslı qosımsha ekinshi pikir qatnasadı.

Gáp mazmunı jaǵınan da, dúzilisi jaǵınan da keńeyip, qospalanǵan sıpatqa iye boladı.

1. Paxta terimi baslandı.
2. Ğawashanıń górekleri ashılıp, paxta terimi baslandı.
3. Ármanlardı haqıyqatlıqqa aynaldıra otırıp, miynetkesh adamlar shólistanlarǵa suw jetkerip atır, jańa fabrika hám zavodlar salınıp atır - biziń elimizdiń bunnan bılay da gúllenip jasawı ushın hámme nárseni islep atır (gazetadan ).

Bul gáplerdiń birinshisi qospalanbaǵan jay gáp. Ol bas aǵzalardan dúzilip, paxta teriminiń baslanǵanlıǵın xabarlaydı. Ekinshi gáp bir-birine mánilik jaqtan baylanıs bolǵan eki jay gápten dúzilgen qospa gàp. Bunda góreklerdiń ashılǵanlıǵı paxta teriminiń baslanǵanlıǵın xabarlaǵan. Al, ekinshi gáp joqarıdaǵı eki gápke salıstırǵanda kólemi keńeyip, intonaciya arqalı bólingen tórt komponentten dúzilgen. Bul intonaciya arqalı bólingen komponentler sırtqı dúzilislerine qaraǵanda hámmesi gáplik qurılıstı eske túsiredi. Biraq, olardıń hámmesi bir baslawıshqa qatnaslı is-háreket, waqıyalardı bildiredi hám jay gápke tán monopredikativlik birlikti dúzedi, bunıń dáslepki bólegi baslawıshtıń qosımsha, ekinshi dárejeli is-hárekettin bildirip, ayrımlanǵan hal feyil toplamı, al basqaları baslawıshtıń, tiykarǵi is-háreketin bildirip, birgelkili bayanlawısh xizmetinde kelgen.

Olardıń hárbir komponentine sol baslawıshtı qatnastırıp aytıwǵa boladı. Biraq, gáptıń qurılısı stillik jaqtan usılay qáliplesken. Sonday eken, bul jaǵdaylar feyil toplamı hám birgelkili aǵzalı gáplerdiń qospalanbaǵan jay gáplerden ózine tán qasiyetke - jay gáplerdi qospalandırıwshı sıpatqa iye ekenligin bildiredi. Qospalanǵan gáplerdiń ayırım túrleriniń (ayırımlanǵan aǵzalı kiris aǵza, kiris hám kiritpe gápli, qaratpa aǵzalı túrleri) ózıne tán intonaciyasına iye boladı.

**Juwmaqlaw**. Juwmaqlap aytqanda, tildiń tiykarǵi xizmeti jámiyette adamlar arasında pikir alısıw, xabarlaw bolıp esaplanadı. Pikirdi bayanlaw ushın tiykarǵi birlik gáp bolıp esaplanadı. Gáptı grammatikalıq dúzilisine qaray eki túrge ajırattıq: jay gáp, qospa gáp. Jay gáp -bir yamasa bir neshe sózlerden dúzilip, pikir tıyanaqlılıǵın bildiretuǵin predikativlik-sintaksislik birlik bolsa, al qospa gáp -eki yamasa bir neshe jay gáplerdiń mánilik hám grammatikalıq baylanısınan dúziletuǵin sintaksislik birlik esaplanadı. Sonlıqtan, maqalada tiykarınan kóp predikativli jay gáplerdiń qospa gáp quramına ótiw qubılısı haqqında sóz etildi.

## References:

1. Баскаков Н.А. Каракалпакский язык. Том III. Нукус, 1993.

2. Házirgi qaraqalpaq ádebiy tiliniń grammatikası. Nókis, 1992
3. Házirgi qaraqalpaq tili. Sintaksis. Nókis, 1996.
4. Нурмаханова А. Типы простого предложения в тюркских языках.
5. M.Dàwletov. Házirgi qaraqalpaq tilinde polipredikativli konstrukciyalar. Nòkis. Ilim. 2015
6. M.Dàwletov. Qaraqalpaq tilindegi qospa gàplerdiñ geypara teoriyalıq màseleleri. Bilim.